



Conférence Episcopale d'Haïti CEH

56, Angle Rues Piquant et Lamarre, HT 6110, Port-au-Prince, Haïti (W.I)
Tel : (509) 3701-2232 / 3588-7777 - Fax : 1(800) 653-6211
Email : secretariat@ceht.ht / URL : <http://ceh.ht>

NÒT EVÈK KATOLIK PEYI DAYITI YO KONT KIDNAPIN

“Sekou nou se nan men Granmèt la li ye” (Sòm 124, 8)


1. Se avèk anpil endiyasyon ak revòlt nou aprann bandi kidnape 4 Pè kominote Sen Jak : Pè Evens Joseph, Pè Michel Briand (Fransè), Pè Jean Nicaïsse Milien, Pè Joël Thomas ; yon Pè Achidyosèz Kapayisyen : Pè Hugues Baptiste ; 2 relijyez : Sè Anne Marie Dorcelus (Sè Sent Terèz) ak Sè Agnès Bordeaux (Fransèz nan kominote La Pwovidans) ak 3 fidèl layik, manm fanmi Pè Jean Arnel Joseph: Madan Oxane Dorcelus (Manman li), Madmwazèl Lovely Joseph (Sè li) ak Mesye Welder Joly (Parenn li). Sa rive jou dimanch 11 avril la, Dimanch Kè Sansib Bondye a, apre masak ki sot pase sou Bèlè a. Bandi kidnape yo sou wout pandan yo ta prale nan enstalasyon Pè Jean Anel Joseph kòm kire pawas Galette Chambon.
2. Depi pase kèk lane se sa ki lavi pèp Ayisyen an : bandi kidnape moun nan tout sektè, ata timoun senkan, fanmi viktim yo peye lajan, epi yo lage yo si yo pa gen tan touye yo. Anpil moun yo kidnape yo, yo imilye yo, vyole yo epi maspinen yo. Genyen nan yo ki pa janm tounen nan nòm al yo ankò. Kilès sa ap fini? Kilès ki ka chanje sa? Eske peyi a pa vin enkontwolab? Yon bann fanmi deja vann tout sa yo genyen pou peye bandi. Sa ki pi rèd la zak kidnapin tounen yon komès. Bandi yo byen kore, yap aji san kè sote. Se sak fè yo gen pouvwa konsa. Nan jan sitiwayon sa a ye la a, sa ta sanble bandi sa yo gen plis pouvwa pase Leta ak Lapolis.
3. Nou denonse epi nou kondane ak tout fòs nou diktati kidnapin nan peyi nou. Nou pa dwe kite bandi ap kontinye touye, vyole, kidnape lòt moun. Nan kafou nou rive la a, nou dwe travay pou nou chanje kè nou ak mantalite nou. Nou dwe mete tèt ansanm nan lapriyè, nan fè jefò pou nou rive gen yon lòt peyi ki sanble ak peyi Bondye vle pou nou an. Jezi ki leve byen vivan an se fòs pou tout kretyen vivan nan batay nap mennen nan lavi a. Se sak fè menm jan avèk apot Pòl nou ka di: “Nou nan boulvès men nou pa dezespere, nou anba pèsekisyon, men nou pa sèl pou kont nou. Yo frape nou atè men yo pa fini ak nou” (2 Korentyen 4, 8-9).
4. Se nan sans sa a, nou menm Konferans Evèk yo ak CHR (Konferans Ayisyen Relijye yo) la, pou nou pwoteste kont move zak sa yo nan peyi a, nou mande tout lekòl katolik, prezbiteral, kongreganis, inivèsite ak tout lòt enstitisyon nou yo pou kanpe travay jou jedi 15 avril kap vini an. Nou mande pè yo ak tout konsakre yo, tout ajan pastoral yo pou yo akonpaye epi kenbe pèp Bondye a nan lesperans jan Pap Franswa te fenk di nou : « Pa kite difikilte yo kraze nou. Men an nou gade devan ak konfyans epi lesperans ». Nou mande pou jedi 15 avril la nan tout peyi a tout klòch sonnen a midi epi pou nou selebre lamès nan tout legliz nou yo pou mande Bondye chanjeman pou Ayiti. Nan Pòtoprens, n ap selebre lamès nan legliz Sen Pyè Petion-Ville ak tout Evèk peyi Dayiti yo menm jou a a midi.
5. Nou di mèsè epi nou kontinye konte sou tout moun ki fè solidarite ak nou nan lapriyè, nan pawòl ankourajman ak mesaj yo voye pou nou.

6. Se pou Jezikri ki leve byen vivan ede nou konbat tout mal, tout vyolans ak diktati kidnapin ki menase lavi pèp Ayisyen an. Se pou Manman Mari, Manman Pèpetyèl Sekou, Patwòn Ayiti, lapriyè pou nou.

Nòt sa a soti nan Lilavwa, nan Kay kote Evèk Katolik peyi Dayiti yo abitye reyini, jou ki 13 avril 2021.




Monseigneur Launay SATURNE
Achevèk Okap Ayisyen
Prezidan CEH



Monseigneur Pierre André DUMAS
Evèk Ansavo ak Miragwan
Visprezidan CEH



Monseigneur Joseph Gontrand DECOSTÉ, SJ
Evèk Jeremi
Sekretè Jeneral CEH



Monseigneur Marie Erick Glandas TOUSSAINT
Evèk Jakmel
Ekonom CEH




Kadinal Chibly LANGLOIS
Evèk Okay



Monseigneur Quesnel ALPHONSE, SMM.
Evèk Fòlibète




Monseigneur Max Leroy MESIDOR
Achevèk Pòtoprens



Monseigneur Désiré JEAN
Evèk Ench



Monseigneur Yves Marie PEAN, CSC
Evèk Gonayiv



Monseigneur Charles Peters BARTHELUS
Evèk Pòdepè

+ Sylvain sdb

Monseyè Ducange SYLVAIN, SDB
Evèk Oksilyè Pòtoprens

+ J. Verrier

Monseyè Jean Alix VERRIER
Evèk Emerit Okay

+ Louis Kébreau sdb

Monseyè Louis N. KEBREAU, SDB
Achevèk Emerit Okap Ayisyen

Frantz Colimon smm

Monseyè Frantz COLIMON, SMM
Evèk Emerit Pòdepè

+ Willy Romelus

Monseyè Willy ROMELUS
Evèk Emerit Jeremi

+ Joseph Lafontant

Monseyè Joseph LAFONTANT
Evèk Oksilyè Pòtoprens

